ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№71 (24.207) ● 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ ехъулІэныгъэхэр къахьу зэрылажьэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

Бажэ Дотий Мустэфа и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтым

Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым КІэлъыплъыныгъэмрэ регламентымкІэ и комитетым и унафэщІым;

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист»

Коган Александр Валерий и къуэм - егъэджэныгъэ, щэнхабзэ проектхэм зэщІэгъэкъуэным, зегъэужьыным, ахэр хъумэным хуэлажьэ «Урыс псалъэм и макъамэ» Лъэпкъ фондым уэрэд жыІэным хуэунэтІа дунейпсо проектхэмкІэ и департаментым и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист»

Гуэнгъэпщ Майе Мухьэмэд и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Дзэлыкъуэ щІыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшГэкІуэ судыщІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м
№64-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжынымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын

Балэ Мурат Лиуан и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм и «Республикэ психоневрологие интернат» къэралкІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым

Лобойкэ Ольгэ Геннадий и пхъум - «Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ щІыналъэмрэ цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ, социальнэу къащхьэщыжынымкІэ я центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм цІыхухэм хухах социальнэ ахъшэхэр, компенсацэхэмрэ пособиехэр етыныкІэ и къудамэм и унафэщІым

Маргъуф Галинэ Лиуан и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм цІыхухэм социальнэу ядэІэпыкъунымкІэ и департаментым сабий зиІэ унагъуэхэм пособиехэр яхуэгъэувынымкІэ и къудамэм и унафэщІым

Эльмурзаевэ Лиэз Магомед и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм и «Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм щыпсэухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныжымкІэ и центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м
№67-УГ

Урысейм и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыхуэзащ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа Іуэхуэхмкіэ Правительствэм и комиссэм хэтхэм я зэІуІэр мэкъуауэгъуэм и 15-м Пятигорск къалэм щиуха иужь УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил лэжьыгъэ Іуэхукіэ къепсэльащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЗІУЩІЭМ къыщІэІатащ Правительствэм и комиссэм хэтхэр зытепсэльыхьа къалэнхэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэфІагъэкІын хуей лэжьыгъэхэр. Туризмэм и ІэнатІэм ехьэлІауэ нэхъ кууэ хэпльащ «Эльбрус» курортым, «Налшык» курортым и псы хущхъуэ къыщІэшыпІэхэм зегъэужьыныным. «2025 гъэм нэсыху къагъэсебэпыну яубзыхуа ахъшэм Іэмал кІытынущ Іуащхьэмахуэ льапэ щІыІэ кІапсэ гъуэгуэм, туристхэм къыщажьхь гъуэгуэм я бжыгъэмрэ фІагъымрэ хэгъэхъуэныжмкІэ икІи курортыр дунейпсо зыгъэпсэхупІэ хъунымкІэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. Апхуэдэу абы Премьер-министр щыгъуазэ ищІащ Тырныауз къалэм къыщежа псыдзэм зэхикъутахэр зэтегъэувэжьныным хуэгъазаэу Урысейм и Президентым къигъуэва Іуэхуэхэр зэрагъэзэщІам: лъэмыжу щы зэрагъэпэщыжащ, ятІэпсыр къызэрех хьэкъуафэр ягъэкъэбзащ, апхуэдэу дипэкІэ ирагъэкІуэкІын хуей лэжьыгъэхэм я проект-сметэ документацэр ягъэхьэзыращ. Мишустин Михаил КІуэкІуэ Казбек и пщэ къриІухьащ Іэмал имыІэу зэман благъэм къриубыдэу ирагъэкІуэкІын хуей лэжьыгъэхэм езыр и щхьэкІэ кІэлъыплъыну.

Апхуэдэу социальнэ ІэнатІэри гулъытэншэу къэнакъым. Къапщтэмэ, медицинэм и пэублэ ІэнатІэм, узыншагъэр хъумэныкІэ Іуэхущ1апІэу 50 къызэщІэзыубыдэм, зегъэужьыныкІэ программэр, республикэм сабий клиникэ сымаджэщыр къызыхуэтыншэу щызэгъэпэщыжыныр хэхауэ зэпкърахащ. Мы сабий Іуэхущ1апІэр ІэнатІэр къэгъэщІэрэщІэжыныкІэ программэм хагъэхьэн яхуэзфІэкІакъым, абы и лъэныкъуэкІэ къагъэув Іуэхуэхэм нэсу зэремызэгъым къыхэкІыу.

Апхуэдэу щыт пэтми, зэІущІэм кърикІуа Іуэху нэхъыщхьэ дыдэу къэплъытэ хъунущ сабий клиникэ сымаджэщыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным пыща Іуэхур УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил къызэрыддИыІыгъар. Ар щІэупщІащ проект-сметэ документацэр гъэхьэзырыныр здынэсам, лэжьыгъэ проект зэфІэгъэкІыным текІуэдэну ахъшэр зыхуэдизым. КІуэкІуэ Казбек Урысейм и Премьер-министрым жриІащ проект-сметэ документацэр нэсу зэрагъэхьэзырар икІи абы ипкъ иткІэ зэфІагъэкІын хуей лэжьыгъэхэм сом мелуани 126-рэ зэрытекІуэдэнур. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм къыхиГэщхьэхуІащ мы Іуэхущ1апІэм и закъуэ фІэкІа сабий стационар сымаджэщ республикэм зэримыІэм къыхэкІыу сабийуэ мин 206-м щІигъу щыпсэу щыналъэм ихэр абы хуабжьу зэрыхуэныкъуэр.

- Дэ дыдэІэпыкъунщ. Сабийхэм нэхърэ нэхъыщхьэ щыІэкъым. Зыхуеину ахъшэр дубзыхунщи, Іуэхур зэфІэдгъэкІынщ. ЦІыкІуэхэм папщІэ сабий клиникэ сымаджэщ нэгъэса зэтедгъэувэнщ, - къигъэлъэгъуащ зэІущІэм и кІэухым Мишустин Михаил.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр бзэхэм зэкъуагъэувэ

«Усэрэ уэрэдрэ - гъунэгъум и бзэмкІэ» - арат и псалъащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу Къэрал Думэм хэт Къанокъуэ Арсен Урысейм и Махуэм ирихьэлІэу иригъэкІуэкІа зэхьэзэхуэ гъэщІэгъэуэным.

СЕНАТОРЫМ и инстаграм напэкІуэцІым пІалъэ иІэу щызэбгратыкІа хъыбарым ипкъ иткІэ, зэпеуэм и мурадт Урысейм ис дэтхэнэ лъэпкъми и бзэмрэ и щэнхабзэмрэ гупылІэ зэрыхуэфащэр дигу кьигъэкІыжыну.

Балигъэхри сабийхэри, уэрэд жьІэнымрэ усэ кьеджэнымрэ зи Іэщ1агъэхэри, абы хущІыхьэгъуэкІэ фІэкІа емыувалІэхэри хэтыну хуитт зэхьэзэхуэм. ФІэкІыпІэ зимыІэр зы закъуэт: утыку уэзрихьэну бзэр уимыанэдэлъхубзэу щытын хуейт. ТекІуар къызэрапщытэнури зы Іэмалкіэт: «сигу ирохь» дамыгъэ бжыгъэ нэхъыбэ къызэлъысам елытауэ.

ЦІыху дахэ куэд зэрыдигъэщІыхуам и мызакъуэу, мы зэпеуэм кавказ лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэкъуэшыныгъэр иджыри зэ кьигъэнэІуащ жьІэмэ, дыщыуэну кьыщІэкІынкъым. ИтІани, фІымрэ фІы дыдэмрэ зэхагъэкІын папщІэ зи кьалэн зыгъэзэщІа къэпщытакІуэхэр Іуэхум хэпльа нэужь, мэкъуауэгъуэм и 12-м текІуэхэм я щІэхэр къэпщІащ.

«Нобэ Урысейм и Махуэр догъэлъапІэ, - закъыщыхуегъаазэ Къанокъуэ Арсен и напэкІуэцІым зыпызыщІахэм. - Мы махуэм дигу кьыдогъэкІыж лъэпкъи 180-рэ зэрыс къэрал дызэрыщыпсэур, дэтхэнэ зыми мамырыгъэмрэ зэгурыІуэмрэ я дамигъэ хуэхъу и бзэр, и щэнхабзэр щихъумэжу. Фыкъызэрыдгъэгугъам ипкъ иткІэ, ди зэпеуэм щытекІуа цІыхуи 8-м я цІэхэр къыдолуэ. Сэ сызэрегупсысымкІэ, мы зэхьэзэхуэм щытемыкІуа зыри къэкІуэлІакъым, сыту жьІэмэ, ди анэдэлъхубзэхэр зэхэтхыху, псори нэхъ зэпэгъунэгъу дыхъуащ.

УэрэджьІакІуэ Іэщ1агъэ зиІэхэм я пэрыт хъуащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и цІыхубз артисткэ, Осетие Ипщэм щІыхь зиІэ и артисткэ Кусовэ Эльвирэ. Абы адыгэбзэкІэ игъэзэщІащ пьагъуныпІэ уэрэд.

Уэрэдымрэ усэ кьеджэнымрэ зимыІэщ1агъэхэм ялэ увыпІэр къыщихьащ балъкъэрыбзэкІэ усэ кьеджа Лыизам Мухьэмэд (цІыху 1805-м Іэ хуаІэтащ). ЕтІуанэ увыпІэр къыльысащ Къасым Иланэ, абыи балъкъэрыбзэкІэ уэрэд игъэзэщІащ (цІыху 759-рэ). Адыгэбзэкіэ уэрэд жьІэІа АмикС гупым ещанэ увыпІэр къахьащ (713-рэ). Абыхэм къакІэлъокІуэ куржьбзэкІэ уэрэд жьІэІа Тхьэкъуахъуэ Имран (705-рэ); балъкъэрыбзэкІэ уэрэд жьІэІа Къуршэ Арианэ (574-рэ).

Кьыззгъэпэщ1акІуэм хуитныгъэ лей зэриІэм ипкъ иткІэ, си щхьэкІэ кьыхэсхащ адыгэбзэкІэ усэ кьеджа Герговов Азнаур. Уэрэд жьІэныр зи Іэщ1агъэхэм ящыщу ялэ изгъэщар адыгэбзэкІэ уэрэд жьІэІа, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щІыхь зиІэ я артисткэ Третьяк Татьянэщ».

Кьанокъуэ Арсен зэхьэзэхуэм хэта дэтхэнэ зыми фІыщІэ хуищІащ, ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэхуэу, гъэ къэси апхуэдэ зэпеуэ ирагъэкІуэкІыну зэгурыІуахэщ.

Гукъинэжщ сенаторыи и псалъэм зэхьэзэхуэм пэрыт увыпІэ къыщызымыхьахэм яз, шэшэныбзэкІэ уэрэд зыгъэзэщІа Мухьэмэд зи цІэ щІалэ цІыкІур зэрыпэджэжари:

«ФІыщІэ ин пхузощІ, - зыхуегъаазэ ныбжьыщІэм Къанокъуэ Арсен, - апхуэдэ зэпеуэ щхьэпэм дызэрыхэпшам папщІэ. Абы и фІыгъэкІэ Шэшэн Республикэм щыщ куэд ныбжьэгъу къысхуэхуащ. Егъэлеяуэ гухэхъуэщ игъащІэм умыльэгъуа цІыкІуэм «фІыуэ слъагу си къуэш» кьыбжаІэныр. ЕтІанэгъэ, къызэхъулІэмэ, нэхъыфІыжу зызгъэхьэзырынщ!»

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2021 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым щІидзащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - бадзэуэгъуэм (июлым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 698-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● Футбол

«Спартак-Налшык» - СКА (Дон Іус Ростов) - 2:2

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ябэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и кІэух джэгуГъуэм ипкъ иткІэ зэсэмахуэ Налшык щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ къыркІуащ.

Ди щІалэхэм ящыщу я хьэруэрэгъуэм топхэр худагъэкІащ Дэхьу Ислъамрэ Ашуев Мурадрэ.

Джэгур зэрекІуэкІамрэ адрей командхэм я зэІущІэхэм яужькІэ турнир таблицэм игъуэта кІэух теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● КъБР-м и Парламентым

ЩыІэкІэ-псэукІэр ирагъэфІакІуэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэм «Правительствэм хухах сыхьэтым» хьэхъэу депутатхэр щедгъэІущ республикэм и къалэхэм тыншыгъуэ къыщыззгъэпэщынымрэ къуажэхэм псэукІэр нэхъыфІ щыщІынымрэ теухуауэ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэмкІэ и министерствэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм щагъэзащІэ «Иджырей мардэхэм тету къалэхэр къызэгъэпэщын» къэрал программэр. Абы ипкъ иткІэ 2024 гъэ пщІондэ зэІузэпэщ ящыну я мурадщ жылагъуэ щыпІэу 226-м нэхърэ мынэхъ мащІэрэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщІантІэу 775-рэ.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим** къызэрыхигъэщамкІэ, иужьрей илъэс зыбжанэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ. 2018 гъэм пщІантІэ 90, жылагъуэ щыпІэу 21-рэ, зыгъэпсэхупІэ жыг хадзу 4 (Бахьсэн, Прохладнэ, Тэрч, Тырныауз къалэхэм) зэІузэпэщ ящІащ. 2019 гъэм пщІантІэу 145-рэ жылагъуэ щыпІэу 28-рэ зыхуэй хуагъэзащ. 2020 гъэм кьуажэ 39-м я жылагъуэ зэхуэсыпІэу 34-рэ пщІантІэу 122-рэ зэгъэпэщащ щыхъуащ.

Къэпсэльам зэрыжиІамкІэ, 2021 гъэм я мурадщ иджыри жылагъуэ щыпІэу 31-рэ пщІантІэу 89-рэ муниципальнэ щІыналъэ 40-м зэІузэпэщ щащІыну. Абыхэм ящыщу мы зэманым зыхуэй хуагъэзащ Дзэлыкъуэкъуажэ, Май къалэхэмрэ Октябрьское, Красносельское, Янтарное кьуажэхэмрэ я пщІантІэ 18.

Мы гъэм мэлыжьыхьым и 26-м кьыщыщІэдзауэ и 30 пщІондэ Іэ1эт ирагъэкІуэкІащ 2022 гъэм къэрал (муниципальнэ) программэхэм хьыхьу зэІузэпэщ ящыну щыпІэхэр къыхахыным теухуауэ. Іэ1этым кьыщагъэльэгъуат Налшык, Бахьсэн, Прохладнэ, Май, Тырныауз къалэхэм я жылагъуэ щыпІэу 23-рэ. Абыхэм ящыщу проекти 7 кьыхахащ елэжьыну.

Республикэр ныджэру хэтщ проект нэхъыфІхэр къыщыхах зэхьэзэхуэхэм. Псалъэм папщІэ, 2021 гъэм Шэджэм къалэм ялэ увыпІэр къыщихьащ къалэ зэІузэпэщ уэхуэныжмкІэ проект нэхъыфІхэр къыщыхах IV урысей зэпеуэм «Къалэ мыинхэр» и Іыхьэм.

Зэ1ущІэм щхьэхуэу щытепсэльыхьащ спорт щыпІэхэм я уэхуэныгъэм. «Спортыр гъащІэм и Іыхьэщ» федеральнэ проектыр («Демографие» лъэпкъ Іуэхум хохьэ) ягъэзэщІэн папщІэ, 2020 гъэм УФ-м Спортымкіэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэм (Іуэхущ1апІэ 33-рэ уэхуэным тещІыхьащ) дыщагъуэжащ, федеральнэ бюджетым къыхэкІыу республикэм субсидиехэр къызэрыратынур къыщыгъэльэгъуауэ.

2021 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьуажэхэм зегъэужьыным и Іуэхукіэ» щІыналъэхэм программэм хьыхьэу социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуи 3 зэфІэгъэкІыну я мурадщ.

Зэ1ущІэм къыщыхагъэщащ дыкъэзыухъуреихь дунейр нэхъ мащІэу зыуцІэпІ, экологие шынагъуэншагъэм и Іэмалхэр кьагъэсэбэну («зелёное строительство» жьІуаІэр) унэхэр уэхуэным Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыри зэрыхуэмыхьэзырыр. А Іуэхум мыльку-кушхуэ зэрытекІуадэмрэ псэуалъапхъэхэр зэрыщымыІэмрэ щхьэусыгъуэ яхуохъу унэ зыухуэхэр апхуэдэ лэжьыгъэм еувэлІэным.

Егоровэ Татьянэ щІэупщІащ ухуэныгъэ Іуэхуэм епхауэ министерствэм ирагъэкІуэкІа торгхэм кьыдэхуэн хуей щІэхъуам, ар унэхэм я фІагъым зэран хуэхъуху-хуэмыхъум, апхуэдэуи республикэм унэхэр щызэпщІэкъым эко-ухуэныгъэхэм гупылъту хуегъэщІыным зэрыдебгъэхьэх хъуну щыкІэм.

Бэрбэчым жиІащ торгхэм ятеухуауэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэ 92-м ящыщу языныкъуэхэм я уасэр процент 2-м кьыщыщІэдзауэ 10-м нэс зэрехухар, ауэ ар лэжьыгъэхэм зэран зэрыхуэмыхъунур. КьыщынэмыщІауэ, Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІхэм тхьэмахуэ кьэс кьапщытэ яухуэ унэхэм, зэрагъэпэщыж пщІантІэхэм лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІыр икІи, ныкъусаныгъэ щыІэмэ, ягъэзэкІуэжыну хуагъэлъагъуэ. Зи Іуэхур тэмэму кьыззэымыгъэпэщхэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэр якъутэж.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и кьуэдзэ **Къардэн Мурат** жиІащ республикэм и кьалащхьэм спорт щыпІэхэр щыбухуэным гугъуехь пылъныкІэ зэрыхъунур. Бэрбэчым жиІащ а Іуэхум зэпымыуэу КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм и Гъусэу ахэр зэрелэжьыр икІи Налшык къалэм спорт щыпІэхэр ирикъуу кьыщызэгъэпэщыныжмкІэ Іэмалхэр зэрыщыІэр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и комитетым и унафэщІ **Емуз Нинэ** зыхуэй хуагъэзэжа пщІантІэхэм я процент бжыгъэм щыщІэупщІэм, Бэрбэчым кьигъэльэгъуащ ахэр процент 40-м зэрынэблигъэр. «Республикэм фэтэр куэду зэхэт унэ 2800-м щІигъу щыІэщ, ауэ пщІантІэхэр нэхъ мащІэщ, зым унитІ-щы къызэщІиубыдэу щытщи. Ди Іуэхущ1апІэр и ужь итщ ахэр псори зыхуэй зэрыхуигъэзэным, дызэригугъэмкіи, зэман гъунэгъум лэжьыгъэхэр зэфІэдгъэкІынущ», - дыщІигъуащ къэпсэльам.

Зэ1ущІэм щыхэпльащ «КъБР-м унагъуэ хуэмыщІахэмрэ зи закъуэу псэухэмрэ къэралым зэрызащІигъакъуэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и 2-нэ, 3-нэ Іыхьэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и законым и проектым. КьыщынэмыщІауэ, депутатхэр тепсэльыхьащ гъуэгум шынагъуэншэу щыІэкІуэным, туризмэм, бзэзэрэм я теухуауэ федеральнэ законхэм я проектхэмрэ жэрдэмхэмрэ.

Зэ1ущІэм унафэ кьыщащтащ Медицинэ лэжьакІуэм и махуэм ирихьэлІэу республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и ІэнатІэм и Іэщ1агъэлІхэм ящыщ гуп КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъкІэ ягъэльэпІэну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Іулъхьэм дыпэщІэтыфыну?

● ЗэІущІэхэр

КЪБР-м и Парламентым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ «Іулъхьэм зэрыпэщІэтым теухуауэ» Федеральнэ законым къыщыгъэлъэгъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщагъэззащІэм. «СтІол хурейм» хэтащ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм, республикэм ЦІыхухэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэр, прокуратурэм, МВД-м, УФСБ-м я лЫкІуэхэр.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**.

- Нобэ зи гугъу тщы Іуэхум, Іулъхьэ зэрызэІэпэхьым пэщІэтыным, ди зэманым мыхьэнэшхуэ щиІэщ, гугъуехь куэди пыщІащ. Абы ехьэлІа лэжьыгъэхэр къыщыгъэлъэгъуащ «Іулъхьэм зэрыпэщІэтым теухуауэ» Федеральнэ Законым. Ахэр зэрагъэзащІэм ди нэІэ тетын хуейщ, - жиІащ Жанатаевым. - Иужьрей зэманым хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэр нэхъ жыджэру елэжь хъуащ Іулъхьэ щымыгъэІэным. Апхуэдэуи республикэ унафэщІхэммрэ щІэпІэ унафэр зехьэныкІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ гулъытэ хэха хуащ Іулъхьэм зыщыздаеину цІыхубэр кьыкуражьныым. Апхуэдэ Іуэхум къыхьащэ Жанатаевым зэгухьэныгъэхэри. ИтІани, жыІэн хуейщ абы и лъэныкъуэкІэ иджыри гугъуехьхэр дызэриІэр.

КЪБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил** тепсэлъыхьащ «Іулъхьэм пэщІэтыным теухуауэ» законым къищынэмыщІа, а Іуэхум хуэунэтІауэ щыІэ къэрал программмэ хэхаэм. Абы жиІащ КЪБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи зэрыхущІэкъур кьищтэ законхэр зэрыригъэфІэкІуэным. «Іулъхьэ щымыІэн щхьэкІэ псом нэхъри нэхъыщхьэу делэжьын хуейуэ кьызэолъытэ ар кьыщІежьэ щхьэусыгъуэм. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ цІыхубэм дадэлажьэным, жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэхэр кьызэдгъэпэщыным, Іуэхутхьобзэу хуащІэм я фІагъым теухуауэ зэІущІэкэр едгъэкІуэкІыным», - кьыкигъэщащ къэпсэлъам.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм Іулъхьэ зэрызэІэпахьым пэщІэтыныкІэ и управленэм и унафэщІ **Нэгъуей Аслъэн** жиІащ «КЪБР-м жылагъуэ гъащІэмрэ цІыхубэ шынагъуэншагъэмрэ щагъэфІэкІуэн, хабзэр къыщызэпемыгъэудын» къэрал программэм «Іулъхьэ зэІэпэхьыным зэрыпэщІэт Іэмалхэр» и гъэдэкІыным Іуэхугъуэ 32-рэ кьызэрыгъэщІуибыдэр, абыхэм тету я лэжьыгъэр кьызэрызэрагъэпэщыр.

- 2020 гъэм Іулъхьэ зэІэпыхьым пэщІэтыныр зи кьалэнхэм хьихьэ кьэрал лэжьакІуэ 33-м я Іззагъэм хагъэхъуащ, кьэрал, муниципальнэ Іэнатіэ уваГащІэхэм ящыщуи цІыху 53-рэ абы пхыкІащ. 2021 гъэм и ятІэ мазищым апхуэдэ дыдэу зи щІэныгъэм хэзыгъэхъуахэр 7 мэхъу, - жиІащ Нэгъуей Аслъэн. - КьищынэмыщІауэ, Іулъхьэ зэІэпамыхьным кьызэрыхураджэ лэжьыгъи йокІуэкІ. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщт 2020 гъэм и ептІанэ мазищым «Стоп, коррупцИя!» щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэри. ИтІани, жыІэн хуейщ абы и лъэныкъуэкІэ иджыри гугъуехьхэр дызэриІэр.

КЪБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил** тепсэлъыхьащ «Іулъхьэм зэрыпэщІэтым теухуауэ» законым къищынэмыщІа, а Іуэхум хуэунэтІауэ щыІэ кьэрал программэ хэхаэм. Абы жиІащ КЪБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи зэрыхущІэкъур кьищтэ законхэр зэрыригъэфІэкІуэным. «Іулъхьэ щымыІэн щхьэкІэ псом нэхъри нэхъыщхьэу делэжьын хуейуэ кьызэолъытэ ар кьыщІежьэ щхьэусыгъуэм. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ цІыхубэм дадэлажьэным, жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэхэр кьызэдгъэпэщыным, Іуэхутхьобзэу хуащІэм я фІагъым теухуауэ зэІущІэкэр едгъэкІуэкІыным», - кьыкигъэщащ къэпсэлъам.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм Іулъхьэ зэрызэІэпахьым пэщІэтыныкІэ и управленэм и унафэщІ **Нэгъуей Аслъэн** жиІащ «КЪБР-м жылагъуэ гъащІэмрэ цІыхубэ шынагъуэншагъэмрэ щагъэфІэкІуэн, хабзэр къыщызэпемыгъэудын» къэрал программэм «Іулъхьэ зэІэпэхьыным зэрыпэщІэт Іэмалхэр» и гъэдэкІыным Іуэхугъуэ 32-рэ кьызэрызэщІуибыдэр, абыхэм тету я лэжьыгъэр кьызэрызэрагъэпэщыр.

- 2020 гъэм Іулъхьэ зэІэпыхьым пэщІэтыныр зи кьалэнхэм хьихьэ кьэрал лэжьакІуэ 33-м я Іззагъэм хагъэхъуащ, кьэрал, муниципальнэ Іэнатіэ уваГащІэхэм ящыщуи цІыху 53-рэ абы пхыкІащ. 2021 гъэм и ятІэ мазищым апхуэдэ дыдэу зи щІэныгъэм хэзыгъэхъуахэр 7 мэхъу, - жиІащ Нэгъуей Аслъэн. - КьищынэмыщІауэ, Іулъхьэ зэІэпамыхьным кьызэрыхураджэ лэжьыгъи йокІуэкІ. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщт 2020 гъэм и ептІанэ мазищым «Стоп, коррупцИя!» щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэри. ИтІани, жыІэн хуейщ абы и лъэныкъуэкІэ иджыри гугъуехьхэр дызэриІэр.

КЪБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил** тепсэлъыхьащ «Іулъхьэм зэрыпэщІэтым теухуауэ» законым къищынэмыщІа, а Іуэхум хуэунэтІауэ щыІэ къэрал программэ хэхаэм. Абы жиІащ КЪБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи зэрыхущІэкъур кьищтэ законхэр зэрыригъэфІэкІуэным. «Іулъхьэ щымыІэн щхьэкІэ псом нэхъри нэхъыщхьэу делэжьын хуейуэ кьызэолъытэ ар кьыщІежьэ щхьэусыгъуэм. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ цІыхубэм дадэлажьэным, жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэхэр кьызэдгъэпэщыным, Іуэхутхьобзэу хуащІэм я фІагъым теухуауэ зэІущІэкэр едгъэкІуэкІыным», - кьыкигъэщащ къэпсэлъам.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм Іулъхьэ зэрызэІэпахьым пэщІэтыныкІэ и управленэм и унафэщІ **Нэгъуей Аслъэн** жиІащ «КЪБР-м жылагъуэ гъащІэмрэ цІыхубэ шынагъуэншагъэмрэ щагъэфІэкІуэн, хабзэр къыщызэпемыгъэудын» къэрал программэм «Іулъхьэ зэІэпэхьым

Урысейм и Махуэр ягъэлъапIэ

Мэкъуауэгъуэм и 12-м Налшык къалэм гукъинэжу щагъэлъэпIащ Урысейм и Махуэр.

КЪЭРАЛ киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и утыкум деж шэджагъуэм концерт ин щатащ. Абы и пэ кьихуэу, дауэдапщэм кьрихьэлIахэр хагъэргъуэзащ махуэшхуэм и тхыдэм.

ГуфIэгъуэ зэхьихэр кьызэIуихащ уэрэдымрэ кьафэмкIэ «Тэрч кьэзакъэхэр» къэрал ансамблым. Махуэшхуэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджылакIуэ, кьафракIуэ пажэхэм.

Концертым кьрихьэлIахэм ящыщу гупыж зыщIахэр хэтащ къэралым, республикэм и тхыдэм зэрыщыгъуаз эм теухуа викториним.

А махуэм Налшык щекIуэкIащ нэгъуэщI Iуэхугъуэ зэмылIужьыгъуэхэри. Къапщтэмэ, «Сэ Урысейм срицIыхуц» щIалэгъуалэ зэхьихьэр, Къэрал симфониие оркестрым и концертыр, н. къ. Апхуэдэу ягъэлъэгъуащ «Александр Невский» фильмыр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ТЭТЭР Аминэ: Анэбзэм и Iэфlыр зыхэзыщIэ сабийр насыпыфIэщ

● Ди псэлъэгъухэр

***Укъыщалъхуа щIыналъэр, абы илъ хабзэ дахэр, щэнхабзэ екIур фIыуэ плъагъуу, анэдэлъхубзэр анз гумащIэм хуэдэу кьыбдэгъуэгурыкIуэу, абы и Iэфlагъыр гурэ псэкIэ зыхэпщIэу упсэуныр насыпышхуэщ. Апхуэдэ лъэпкъ фIыгъуэхэм щIапIыкIа адыгэ пщащэхэм ящыщщ Кэнжэ (Къуэшыркъуей) жьлэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и методист, егъэджакIуэ икIи гъэсакIуэ Тэтэр Аминэ. Къуажэм дэт курыт школ №20-р екъулIэныгъэ иIэу къэзыуха хьыджэбзым и щIэныгъэм щыхигъахьуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Социальнэ лэжьыгъэмкIэ, сервисымрэ туризмымкIэ и институтым. «ХьэщIэщ Iуэхур» унэтIныгъэмкIэ абы и бакалавриатыр фIы дыдэу къиухащ, абыкIэ арэзы мыхъуу, «Туризм» IэщIагъэм магистратурэм щыхуеджэжащ.*

Аминэ бгъэдэлъ зэфIэкIхэр, зыхуэIэзэ лэжьыгъэхэр, дэзыхьэх Iуэхугъуэхэр куэд мэхъу. АтIэми, абыхэм ящыщ дэтхэнэри нэрымылIагъу кьуэпс быдэкIэ епхащ адыгэ лъэпкъым, ди щэнхабзэм, анэдэлъхубзэм. Пщащэ зэчиифIэр «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм нобэ фи хьэщIэщ. Ар къедгъэблагъащ, и гурыгъу-гурыщIэхэм, гъащIэм хуиIэ еплъыкIэхэмрэ мурадхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну.

- Аминэ, уэ уащыщщ гурэ псэкIэ адыгэу зызыбжыжхэм, нэхъыщхьэращи, куэдым кьалъытэ щIыхуэхэм. Абы и щыхьэтщ уи дуней тетыкIэ дахэр, Iуэху зехьэкIэ екIур, пхалъ хьэлщэнхэмрэ уэзэрыгъуэзэ лъэпкъ хабзэмрэ. Апхуэдэ фIыгъуэхэм я кьежьапIэр, шэч хэмылъу, унагъуэращ здэщыIэр...

- Упсэу. Пэж дыдэу, унагъуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ сабийм игъуэт зыужьыныгъэ, гъащIэм щиIэ увыпIэ елъытауэ. Къуэшыркъуей жьлагъуэ дахэр зэрыгIысрэ адыгэ хабзэфIэхэр егупчуу яхъумэу зыс Тэтэр лъэпкъым сращIэблэщ. СыкьызыхэкIа унагъуэр, Тхъэм и шыкуркIэ, адыгагъэр щыгепщэ, адыгэбзэр щIэнэ имыIуэ дахэу щыIу «щIынальэ» Iэфl щIыкIущ. Унагъуэм кьыщалъхуа быныр дыкъэхъуэкIащ ди анэшхуэ Iэфl Нащхьэ и куэщIым. СощIэж: нанэ и псалъэ дахэхэм пщэдджыжь кьэс сыкъыдэушу щытащ. Абы и бзэ гуапэр щабэу кьыздэхащIэурэ етхьэкIащ ди махуэхэр, гущэкъу уэрэдым сыдигъэхьефIэрэ IэплIэис сабий джэгукIэхэмкIэ сытригъэуу. «Iэбэдзыуэ» джэгукIэмкIэ сигъэнэщхьефIэрэ «мыбдеж мэл щохъурэ» джэгукIэмкIэ си бзэм зригъэужьу - апхуэдэ защIэкIэ бзэм гу хъумгъэщIащ, си акъылми зригъэужьащ. Кьыздэдджэгу защIэуэну адыгэ дунейм сыкьыщигъэхьащ, аращ сэ нэхърэ нэхъ насыпифIэ сабий дунейм кьытемыхьаеу кьыщIыщсщыхьри.

Анэм и щапхъэр си фащэ си адэ Владимиррэ си анэ Ларисэрэ адыгэ лъэпкъым и гъэсакIэ Iэмалхэр унагъуэм щахъумащ, адыгэбзэр унагъуэм щыIу зэпытт, урысыбзэр тщIэмэ, еджаныгъэм нэхъ дыззрыхэгъуэзэнчу кьагурыIуэрт, ауэ абыи зэман хэха иIэт - унэ лэжьыгъэхэр щыдгъэзэщIэжкIэ дызыхуеину-дызыхуэныкьуэну псори уэрысыбзэкIэ тха тхылъхэм дащыпытьхэрт, псалъалъхэмкIэ дылажьэрт, Интернетым кьытхуэсэбэпыну ит псоми зыщыдгъэгъуазэрт. Апхуэдэущ урысыбзэм и дахагъри и кьулеигъри зыхэтщIащ си дэлъху Кьантемыррэ сэрэ, ауэ ар зэи зэран хэхъуахъым фIыуэ тлъагъу, сыт щыгъуи унагъуэм дыщызэрызэхуэгуапэ ди анэдэлъхубзэм. Нобэ бзитIми дыхуэшэрыуэщ. Кьантемыр Пятигорск дэт лингвистикэ еджапIэ нэхъыщхьэм илъэситхукIэ щеджащ адыгэбзэр игъэбгъупльакьым, уеблэмэ кьызыхэкIа лъэпкъым теухуауэ Iуэхугъуэ дахэ куэд еджапIэм кьыщиIэту, адыгэ лъэпкъым ди щэнхабзэм адрейхэр щыгъуазэ яхуищIу еджащ.

Анэдэлъхубзэр лъэпкъым и фIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ. Ауэ ар зымыльытэ, абы пщIэ хуэзымыщI куэдым гъащIэм ущрохьэлIэ. Уахуоэз зи бзэкIэ мыпсэлъэжьфхэми, мытхэфхэми, уеблэмэ ар кьызыгурымыIуэхэри щыIэщ. Апхуэдэхэр мымащIэу кьытхэтщ адыгэхэми. АтIэ сыт абыхэм адыгэ лъэпкъ дыщIеджэр, сыт хуэдэ пыщIэныгъэ абыхэм ди лъэпкъым хуэIэр?

Бзэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр фIыуэ кьызгуроIуэ. Араща лъэпкъхэр зыр зым кьыщхьэщIызыгъэкIыжыр. Дэтхэнэ лъэпкъми и кьэкIуэнур щIэблэращ, икIи ар зыщIдмыгъэгъупщэу сабийхэм я анэдэлъхубзэр фIыуэ ящIэу кьызэрыгъэтэджыныр дыхущIэкъун хуейщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм ящыщ куэдым я адыгэбзэр йощIэкъуауэ. АтIэ сыт ар кьызыжьыр?

Псом япэрауэ, бзэм хуаIэ щытыкIэр кьыщежьэр унагъуэращ. Адэ-анэхэм я нэхъыбэм я бынхэм хамэ кьэралыбзэхэр ирагъащIэмэ нэхъ кьащтэ. «Эман тедгъэкIуадэу адыгэбзэр щIэдджынур сыт, дэ ар зыкIи сэбэп кьытхуэхъунукьым», - жаIэ адэ-анэм я Iуэху епльыкIэм щыгъуазэ сабийхэми. Абыхэм кьагурыIуэркъым зи анэдэлъхубзэр зэзымыпэсыжь цIыхур зэрыкьулейсысыр. Адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ усакIуэшхуэ, тхакIуэ щдэжащэ Кьыщокъуэ Алим иIэщ мыпхуэдэ усэ сатырхэр: «Адыгэбзэр зззмыгъащIэу, урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым». УсакIуэр утыкушхуэ изышар и кьащтэ. Ауэ ар ящIэн пэмыжыжьэу щыпсэу, нэхъапэм суд зытращIыхьа налшыкдэс пщащэмрэ абы и ныбжьэгъу, гъэтIылъыгъэхэр щащIым пэмыжыжьэу щыпсэу, нэхъапэм суд зытращIыхьа, илъэс 23-рэ зи ныбжь щIалэмрэт.

Хъыджэбзым хамыгъэзыхьу яриГъэлъэгъуащ пщIантIэхэм щащIа гъэтIылъыгъэхэр. Полицейхэм абы хэм кьыщагъэтащ хьэжкIыгъэ теплъэ зиIэ пкъыгъуэ зыкIуэцIылъ зэкIуэцIыпхауэ 7.

Iуэхур щызэхагъэкIым, шэч зыхуащIхэм иджыри гъэтIылъыпIэ щэхуу 3 кьагъэлъэгъуащ, Бахъсэн районым щыIэу.

Яубыдахэм зэрыжаIэмкIэ, пакетхэм ярыльыр «героин» наркотикхэкIт, гъэтIылъыпIэ щэхуэр кьагъэсэбэпу Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щрагъэкIыну я мураду.

Шэч зыхуащIым и псалъэхэр экспертизэм щIигъэбыдащ - кьытрахар граммэ 0,76-рэ мэхъу.

Яубыдаитым екъэлIа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ УФ-м и УК-м и 228.1-нэ статьям и «А», «Б» Iыхьэхэм кьыщыхьа щIэпхъажагъэр (Хабзэм кьемызэгъуэ наркотикхэкIэр гъэхьэзырыр, игъэкIын е ахуегъэхьын) ялэжьауэ.

ПОЛИЦЭМ и къудамэ №2-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ, наркотикхэкIэр зэрырагъэкIым кIэлъыплъыныжьмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIхэр яубыдащ. Ахэр илъэс 18 хъу, нэхъапэм суд зытращIыхьа налшыкдэс пщащэмрэ абы и ныбжьэгъу, гъэтIылъыгъэхэр щащIым пэмыжыжьэу щыпсэу, нэхъапэм суд зытращIыхьа, илъэс 23-рэ зи ныбжь щIалэмрэт.

Хъыджэбзым хамыгъэзыхьу яриГъэлъэгъуащ пщIантIэхэм щащIа гъэтIылъыгъэхэр. Полицейхэм абы хэм кьыщагъэтащ хьэжкIыгъэ теплъэ зиIэ пкъыгъуэ зыкIуэцIылъ зэкIуэцIыпхауэ 7.

Iуэхур щызэхагъэкIым, шэч зыхуащIхэм иджыри гъэтIылъыпIэ щэхуу 3 кьагъэлъэгъуащ, Бахъсэн районым щыIэу.

Яубыдахэм зэрыжаIэмкIэ, пакетхэм ярыльыр «героин» наркотикхэкIт, гъэтIылъыпIэ щэхуэр кьагъэсэбэпу Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щрагъэкIыну я мураду.

Шэч зыхуащIым и псалъэхэр экспертизэм щIигъэбыдащ - кьытрахар граммэ 0,76-рэ мэхъу.

Яубыдаитым екъэлIа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ УФ-м и УК-м и 228.1-нэ статьям и «А», «Б» Iыхьэхэм кьыщыхьа щIэпхъажагъэр (Хабзэм кьемызэгъуэ наркотикхэкIэр гъэхьэзырыр, игъэкIын е ахуегъэхьын) ялэжьауэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Шэч зыхуащIхэр яубыдащ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и плъыр частым мэкъуауэгъуэм и 1-м и жэщым псэлъа кьалэдэсым жиIащ Мусукаевым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэхэм я зым и пщIантIэм дэт удз гъэгъа хьэсэм, зэрыхуигъэфащэмкIэ, гъэпщкIуауэ зыгуэрхэр зэрыщагъэтIылъыр.

ПОЛИЦЭМ и къудамэ №2-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ, наркотикхэкIэр зэрырагъэкIым кIэлъыплъыныжьмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIхэр яубыдащ. Ахэр илъэс 18 хъу, нэхъапэм суд зытращIыхьа налшыкдэс пщащэмрэ абы и ныбжьэгъу, гъэтIылъыгъэхэр щащIым пэмыжыжьэу щыпсэу, нэхъапэм суд зытращIыхьа, илъэс 23-рэ зи ныбжь щIалэмрэт.

Хъыджэбзым хамыгъэзыхьу яриГъэлъэгъуащ пщIантIэхэм щащIа гъэтIылъыгъэхэр. Полицейхэм абы хэм кьыщагъэтащ хьэжкIыгъэ теплъэ зиIэ пкъыгъуэ зыкIуэцIылъ зэкIуэцIыпхауэ 7.

Iуэхур щызэхагъэкIым, шэч зыхуащIхэм иджыри гъэтIылъыпIэ щэхуу 3 кьагъэлъэгъуащ, Бахъсэн районым щыIэу.

Яубыдахэм зэрыжаIэмкIэ, пакетхэм ярыльыр «героин» наркотикхэкIт, гъэтIылъыпIэ щэхуэр кьагъэсэбэпу Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щрагъэкIыну я мураду.

Шэч зыхуащIым и псалъэхэр экспертизэм щIигъэбыдащ - кьытрахар граммэ 0,76-рэ мэхъу.

Яубыдаитым екъэлIа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ УФ-м и УК-м и 228.1-нэ статьям и «А», «Б» Iыхьэхэм кьыщыхьа щIэпхъажагъэр (Хабзэм кьемызэгъуэ наркотикхэкIэр гъэхьэзырыр, игъэкIын е ахуегъэхьын) ялэжьауэ.

И хъуэпсапIэр къехъулIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм Сирие Хьэрып Республикэм щыщ цIыхубзым ираташ Урысей Федерацэм щыпсэуну хуит зыщI тхылъыр.

КъБР-м щыIэ МВД-м Iэпхъуэшапхъэ щыщ IуэхуэхэмкIэ и управленэм лъIыкIэ зыхуигъэзащ илъэс 76-рэ зи ныбжь Исмаил Самирэ. Урысей Федерацэм щыпсэуну хуит зыщI тхылъ ратрыну щIэпэIу цIыхубзым и узынщагъэр зэрымыщIагъуэм кьыхэкIыу абы кьыкIэлъыкIуэхьфынутэхьыми, полицейхэр ар щыпсэу хэщIапIэм кIуэри, тхылъхэр кьыIахащ.

Зыхуеину кьэпщытэныгъэхэр ирагъэкIыжьа иужь унафэ кьащтащ Исмаил Самирэ Урысей Федерацэм щыпсэуну хуит зыщI тхылъыр ратыну.

Iэпхъуэшапхъэ IуэхуэхэмкIэ управленэм и лэжьакIуэхэр цIыхубзым деж щыIащ, екъуэхъуащ, зыпэплъа дэфтэрымрэ удз гъэгъэрэ ираташ. Езыми фIыщIэхуэу кьахуищIащ полицейхэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

хъун псалъэ дахэкIэ - анэдэлъхубзэкIэ - щIеджэр.

- Уи гупсысэхэр къызэрыIуатэ щIыкIэм гу лъыуимыгъатэу кьанэрхъым уэ езым уи анэбзэм хуиIэ лъагъуныгъэр зэрыабрагъуэм, Аминэ...

- Адыгэбзэм хуэдэу дахэ щыIэу кьыщIэкIынкъым. А псалъэхэм я щыхьэтщ дуней псом щыщIэрыIуэ еджагъэшхуэхэм ди бзэм хужаIэхэр. Къэтхьынщ зы щапхъэ. «А бзэм (адыгэбзэм) и макъ зэхэлъыкIэр апхуэдизкIэ телъыджэщ, плъыфэбэщи, жьыбгъэ фийр, пщIащ пылъэлъыжам и щхьащхьэр, псы уэрым и макъыр, щIым и бзуэкIэр, псыхъуэм хэлъ мывэкIэр зэрызэнтIэIур, гу кьеуэкIэм и даущыр, кьуалэбзуэм я уэрэдыр, нэгъуэщI куэди зэхьбох абы ущыщIэдэIукIэ. Апхуэдэ макъамэ зэщIэжьыуэр кьыззэрыбгурыIуэнур зыщ: адыгэхэм я бзэр нэщIысащ, дунейм и кьэхъугъэ псори кьэрипIуэтэну. Аращ ар кьызэрымыкIуэу зыгъэдзэжьри», - жиIэгъащ Трубецкой Николай. Апхуэдэ псалъэхэр уи бзэм кьыхужаIэныр телъыджэщ! Хамэ лъэпкъым кьыхэкIахэм апхуэдэ псалъэ хэIэтыкIахэр щыжаIэфкIэ, ар зи анэдэлъхубзэкэм абы мыхьэнэншафэ зэрыраплъыр, гугъуу кьаэзрыщыхъыр пщIыщ. Ижьжьыжьыж лъандэрэ зи цIэ фIыкIэ Iуа лъэпкъэхэм дащыщщ адыгэхэр. Зауэ-банэ инхэми, дэкъуэзэныгъэ хьэлъэхэми кьызэпхрахри, нэхъыжьхэм нобэ кьаьхэсыжьыфащ абыхэм я хабзэ дахэхэр, яхъумэфащ я анэдэлъхубзэр.

Сабийм и анэдэлъхубзэр фIыуэ илъагъунымкIэ жэуапльныгъэшхуэ я пщэ кьыдохуэ егъэджакIуэхэми. Абыхэм я кьалэнщ я урокхэм сабийхэр щымыязыу щIэщыгъуэу кьызэрагъэпэщыну, абы кьищынэмыщIауэ, я анэдэлъхубзэмкIэ классщIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну.

Хъэжьыу спхьикIауэ сощIэ: анэдэлъхубзэмкIэ еджэ сабийм абы и Iэфlыр нэхъ зыхещIэ. Сабийр дунейм кьыщIетхьа махуэм кьыщыщIэдзауэ анэбзэм и Iуэфlым щIапIыкIмэ, щеджэну ныбжьым ар Iуэфlэнущ кьыдалъхуа бзэр фIыуэ илъагъурэ апхуэдэу дахэ, кьулей бзэ дунейм зэрытемытыр и фIэщ хъууэ.

- Ар жьжьыб уэзэныхъэсыф кьаурущ, Аминэ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ узыхэта «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм ухишащ абы, щагъэпэжаэми ящыщ уищIащ. Абы кьытхутепсэлъыхьыжьыт.

- Сыт щыгъуи си нэхъапIэу щыт анэдэлъхубзэм хузиIэ лъагъуныгъэр кьызэныкъуэкIу зэпытт, араща 2017 гъэм Кьэушыркъуей кьуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм Адыгэ хасэмрэ щэнхабзэмкIэ унэмрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкI «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм сыхэтыну гукъыдэж сэзыгъэщIар. А зэпеуэм етIуанэ увыпIэр кьыщысхьащ. Ар фIы дыдэт, ауэ нэхъ си гуапэж хъуат Къэрэшей-Шэрджэсым кьикIауэ кьэпщытакIуэ гупым хэса Уэхъутэ Александр сэ нэхъыфI дыдэу сыкьызэрилъытар, езым и унафэ хэлъамэ, псоми япэ дыдэ сригъэувэну зэрыхуеяр.

Жьлэнэрамэ, си дежкIэ апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэтэкъым кьысхуагъэфэщэну увыпIэр зыхуэдэм, сэ си кьару сепльыжыну аркъудейт. ИтIани, абы кьыщысхьа екъулIэныгъэм нэхъри сытригъэгушхуэри, хьэхъыу си фIэщ хъуащ нэхъыбэжи зэрысхуэзэфIэкIынур. Зэпеуэм хэта бзылъхугъэ гупыр дызэхуэзэрей щыхъум, ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Мамий Заретэ и жэрдэмкIэ «Адыгэ пщащэ» клуб кьыздэтэпэщащ. Си зэфIэкIыр зыльэгъуа унафэщым ЩэнхабзэмкIэ унэм и методист пжьыбгъэр кьысхуигъэльэгъуащ абы щыгъуэ. Дауи, сэ арэзы сыхъуащ. Пэжьыгъэм сыщIытегушхуари си хъуэпсапIэм гъунэгъу сызэрыхуэхъур арат. Ауэ хэт ищIэнт а гурыльым апхуэдэу псынщIэу Урысейпсо форумым и утыку сришэну?!

- Уэ зи гугъу пщIыр ди къэралым и къалащхьэ Москва иджыблагъэ щекIуэкIа «Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъэм я щэнхабзэмрэ анэдэлъхубзэмкIэ урысейпсо зэпеуэ» зэхьыльэ иныращ, дауи. Ди гуапэ зэрыхъуащи, уэ уаэхуащ абы и лауреат хъуахэм, зи цIэр фIыкIэ зэралпсо утыкум къыщрагъуахэм.

- НтIэ. Абы жьыджэру хэтахэм сащыщащ сэ. Зэпеуэм кьыхуэзэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэрат псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэт хъуар. УФ-м и Жьлагъуэ палатэрат Iуэхур щаублар. Ди къэралым и щIыналъэхэм кьикIа хьэщIэ куэд щыIэти, жьлIэнэрамэ, абыхэм ящыщу зыри кьэнаэу си фIэщ хъуркъым ди плIанэпэм кьемыкIуэлIа. Ахэр яфIэгъэщIэгъэуну щIэупщIэт адыгэхэм лъэпкъ нэщэнэ тхуэхъу хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм. Гъэлъэгъуэныгъэм дыдиихьэху псори деплъа неужь, лъэпкъ щэнхабзэм къэралым щигъуэт зыужьныныгъэм теухуа «Щэнхабзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ я зэпыщIэныгъэр» семинар купщIафIэм дыхэтащ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатэхэри ди гъусэу. АбыкIэ гурыIуэгъуэ тщыхъуащ дызыхэт Iуэхум къэрал мыхьэнэ зэриIэр.

Зэпеуэм хэтхэм адэкIи ди кьалэнт лъэпкъ щэнхабзэм и нэщэнхэр ди лэжьыгъэм зыкъэрыщыдгъэсэбэпым дытепсэлъыхьыну. Адыгэ фащэ дахэр сщыгъыну сэри ситащ утыку, ар зэрызэхэль Iыхьэхэми сытепсэлъыхьащ. Апхуэдэу сыкьытеувыIащ сабийхэр зыхуэзгъасэ Iуэхугъуэхэмрэ си дерсхэр зэрызэхэзгъэувэмрэ. ЩэнхабзэмкIэ унэм и методисту сызэрылажьэ лъандэрэ, сэ Iуэхум Iэмал куэд щIэуэ хэслъхьащ, сызыпэрыт IэнатIэр хуабжьу сфIэхьэлэмэтт, сабий гъэсэным сыдихьхырти. Си гъэсэнхэм яхуэзэфIэкIхэр кьызыхущ видеогъэльэгъуэныгъэхэри Iуэхум кьыхэслъытащ. Куэдым яфIэхьэлэмэтащ арджэн щIыным, дыщэидэм, хьагъэм (изящное плетение), хъэрэмэхъищэм (узорное плетение), Iудэ зэрыхъэм, нэгъуэщI Iэпэлъэсагъэхэм сабийхэр зэрапэлъэщыр. IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, сабийм и IэхэмкIэ, псом хуэмыдэу и IэпэхэмкIэ, игъэщащIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэми абы и гупсысэм, зэхащIыкIым зрегъэужь. А Iуэхухэр лъэпкъ щэнхабзэм епхауэ щытмэ, лъапIэныгъэуIэркъыпхуэмылытытэным хуэдизщ, ди щIэблэм я лъэпкъ гупсысэм хуабжьу зрегъэужьри, яIурылъ анэдэлъхубзэми хэпщIыкIыу зрегъэшэщIри. А лжьыгъэгъэзащIэкIэ, дерсым куэдрэ кьыщыдгъэсэбэп адыгэ псынщIэрыпсалъэхэр, кьужьажьхэр, жьIэгъуэхэр сэбэп зэрыхъури наIуэ ящысщIащ зэпеуэм кьрихьэлIахэм.

КьыщынэмыщIауэ, сыкьытеувыщащ лъэпкъ джэгукIэхэм, адыгэ уэрэдыжьхэм, театр теплъэгъуэхэм ящыщу лжьыгъэм куэд кьызэрыхэзгъахьэми. Ди Iуэхущ апIэм и Iэщ Iагъэлъэхэр абы и лъэныкъуэкIэ дызэлэжь проект зэмылIэужьыгъуэхэми кIэщIу сатепсэлъыхьащ. Си гугъу сщIа-хэм ящыщщ «Адыгэ пщащэ», «Театр педагогикэ», «Зэчиим и гъунапкъэхэр», «Фэелпъ», «Жьэгу пащхьэ», «Псэм и пащIэ», «Кьафэм и бзэ», «Ныбжьэгъугъэ» проектхэр. Абыхэм ижькIэ кьакIэпльыщIэуэщIэжкэ кьаэхэкIащ кьэралпсо зэхьхьэм хэта Iэщ Iагъэлъэхэм, апхуэдизу ахэр яфIэхьэлэмэт хъуатэ.

«СтIол хъурей» щыкIэм ити екIуэкIа иужьрей зэхьхьэми сэбэпынагъэшхуэ куэдым кьытхуихьащ. Абы дыщытепсэлъыхьащ лъэпкъыбзэ зэхэт ди кьэралым щэнхабзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ я зыужьныныгъэм гулъытэ зэрыщIыгъуэтым, а лжьыгъэр зэи кьэбгъэтIасхъэ зэрымыкъунум.

- Адыгэбзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хуиIэ лъагъуныгъэмрэ уи зэхэщIыкIкуурэ апхуэдэ лъагапIэ куэдым ухуашэнщ уэ пщащэ цIыкIур. Сытхэм удихьэхрэ иджыри зэчиифIэр?

- Пэжщ, анэдэлъхубзэращ Интернетым и губгъуэшхуэм сришэу, адыгэбзэкIэ зэпсалъэу, адыгэ лъэпкъым и Iуэху тетхьыху абы щыIэхэт гупхэм сахэзышар. СфIэгъэщIэгъэну я псоми ноби сыкIэлъоплъ. АдыгэбзэкIэ кьыдэкI газетхэм, журналхэм сфIэхьэлэмэту соджэ, адыгэ усакIуэхэм, тхакIуэхэм я тхыгъэхэм сыдахьэх. Нобэ бзэ нэхъыбэ сщIэну гупыж сиIэщ, ари адыгэбзэм зэран хуэхъуну кьэслъытэркъым. Ар си дежкIэ Iэмалыфlщ си лъэпкъым и щэнхабзэм адрейхэри щызгъэгъуэзэнымкIэ.

ЩэнхабзэмкIэ унэм и Интернет напэкIуэцIыр согъэлажьэ, абы щыIэ гупжьейхэм я лжьыгъэр кьызыхуэтыншэу екIуэкIыныкъмкIэ жэуап сохь. Сэ кьызэзгъэпэщыкъэх «Iэпэлъэсхэр», «Адыгэпсэ» гупжьейхэм адыгэбзэкIэ садолажьэ. Гупыж сщIауэ, апхуэдэу садоIэпкъуу ди деж кьэзыгъэзжа ди лъэпкъэгъуэхэм я адыгэбзэр зрагъэщIэжьынымкIэ, урысыбзэр ящIэнымкIэ. СфIэфIу изогъэкIуэкI адыгэ джэгуэхэр, лъэтеувэхэр, ди лъэпкъ хабзэм и жьыпхъэм иту. КьищынэмыщIауэ, адыгэ псалъэжьэмрэ жьIэгъуэхэмрэ зэхуэохьэс. Ахэр тхьилъ щхьэхуэу кьыдзэгъэкIыну си мурадщ. Сызыкуеджа Iэщ Iагъэми гурэ псэкIэ сыпыщIащи, лъэпкъ туризмэм ди лъахэм зыщIэтызыкIыну сыщIохъуэпс.

Жьыс Iэнуращи, си анэшхуэм и щапхъэр фащэ схуэхъуауэ, си хэжьмрэ си анэдэлъхубзэмрэ ехьэлIа псори згъэпажэу, фIыуэ слъагъуу сопсэу. Си гу кьуэпсхэм хэуухуэна а лъагъуныгъэр ящыщщ дунейр схуэзыгъэнэхуэхэм, гъащIэр щIэщыгъуэ, дэрэжэгъуэ кьысщыщыщIхэм.

- Хэкупсэ пщащэ цIыкIум уи мурадхэри уи хъуэпсапIэхэри къохъулIэну ди гуапэщ. Уи гурыльхэр къабзэхэм лъагэу ураIэт, дамэ лъэщхэм хуэдэу.

Епсэльар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

● Бахъсэн щIыналъэ

Гулъытэ хуэныкъуэхэр

Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэу Бахъсэн дэт центрым и нэIэ ятетщ зи ныбжьыр илъэс 65-м фIиша къужэдэсхэм. IуэхущIапIэм и унафэщI АбытIэ Мурат зэрыжиIэмкIэ, пандемием и лъэхъэнэм псом хуэмыдэу гугъу ехьащ унэм имыкIыф ныкъуэдыкIуэхэмрэ жьыгъэр зыльэIэса зеинэхэмрэ я деж кIуэурэ ядэIэпыкъуа я лэжьакIуэхэр.

НОБИ абы пыщIа Iуэхуэхэр ягъэмэщIакъым - тхьэмахуэм тIэу яльоГуауэ, унагъуэ IуэхуэхэмкIэ, ерыскъыкъэхIэмкIэ, хущхьэуэгъуэхэмкIэ, зэрыIэбэ хьэпшыпхэмкIэ якIэльоIэбэ. Къищынэмыщ Iауэ, къэсымэджажэр сымаджэщым щаши куэдрэ кьохъу. Мыхьэнэшхуэ иIэщ нэхъыжьхэм я узынщагъэр Бахъсэнрэ Зеикъуэрэ дэт поликлиникэхэм кьызэрыщащпщытэм.

Я къалэнр нэхъ мащIэкъым балигъ мыхъуахэм ядалажьэхэми. Апхуэдэхэр ныбжьыщIэ 26-рэ мэхъу. Центрым и Iэщ IагъэлIхэм я нэIэ зытетхэм я Iуэху зыIутыр, зыхуэныкъуэр зрагъащIэ. Иджыблагъэ ахэр лъыгъуэзащ икIи Iэфlыкlэхэр куэду хуащащ сабийхэм я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ «Пэгъунымкъу» центрым езыхэм я лъIыкIэ ягъэкIуэ я цIыкIуэм.

АДЫГЭ Къэсэн.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Мурадхэр

Зэхыхьэшхуэм щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэр

Санкт-Петербург щекІуэкІа дунейпсо экономикэ зэхыхьэшхуэм купщІафІэу хэтауэ жыпІэ хъунущ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я лІыкІуэхэр. Абыхэм инвесторхэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэхэр промышленностым, энергетикэм, туризмэм теухуащ.

ПСАЛЪЭМ папщІэ, Ставрополь краймикІауэ зэхыхьэм хэтахэр «Сен-гобен» компаниемгурыІуащ «сухие строительные смеси» жыхуаІэр къыщыщІагъэкІ завод Невинномысск дащІыхьыну.

ДагъыстэнымиІэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Меликов Сергей епсэлъащ «Салаватстекло» АО-м и унафэщІ Султанов Радик. Мы компаниемэмэлыжьхь мазэм къыщэхущ Каспийск абдж щащІу дэта заводыр. Ар зэрахуэмыгъэзэжьым къыхэкІыу щащэжьм, Султановым къыщэхужри, «Салаватстекло Каспий» щІэр иІэу щІэрыщІэу зэтриублэжащ. ЗэрыжиІэмкІи, сом мелуан 472-рэ и уасэ абдж къыщІигъэкІыныи хунэсащ.

Къэрэшей-Шэрджэсым и Правительствэмрэ iHerb компаниемрэ зэгурыІуащ витамин зэмылІэужьыгъуэхэр къыщІэзыгъэкІ Іэхэущ Іапіэ республикэм щахуэхуну.

«КӀуэрты Северного Кавказа» къэрал компаниер Урысей экологие операторым дэлэжьнущ кІэрыхуфбжьэрыху быдэхэр щызэтралъхьа щІыпІэхэр ягъэхъэбзэжьным теухуауэ. КСК-м и унафэщІ Тымыжь Хьэсэн зэрыжиІащи, мы Іэхэр щхьэпэнущ загъэпсэхуну цІыху куэд къызэкІэуэ ди щІыналъэр нэхъри зэІузэпэщ хъунымкІэ.

Шэшэнымрэ Дагъыстэнымрэ я мурадщ дыгъэм и къарумкІэ лажьэ электростанцхэр я щІыпІэхэм щахуэну. Абыхэм зэгурыІуэныгъэ иращІылІаг «Хевел» компаниемиІуэнафэщІ Шахрай Игорь. Мы компаниемШэшэным щІихуэну дыгъэ электростанцхэм сом меларди 5,8-рэ ихьынущ, ахэр яухуэнущ илъэситхум кІуриубыдэу.

Дагъыстэным дыгъэ электростанцхэм къищынэмыщІауэ, АГЭУ жыхуаІэр (автономные гибридные энергоустановки) къищэхунущ. Ар щІыпІэ пхыдзаэхэм щыІэ Іэщыхъуэхэм, щынагъуэншагъэм, узынщагъэм техуауэ зэпымычу лажьэн хуей Іуэхущ ІапІэхэм дежкІэ тынщщ. Меликовым къыхихгъэщащ мы Іуэхур зы къуажэм щаублэу кІурикІуэм еплъа нэужь, фейдэрэ щІыхухэм я тынщыгъуэрэ хэлъу кІыщІэкІмэ, АГЭУ-хэм хуэкІуэным зэрытегушхуэнур, уеблэмэ апхуэдэ къэзыщэу Іэщыхъуэхэм Іыхьэ гуэр хуапшынынущ республикэм и бюджетым къыхэкІыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ «Росгеология» компаниемрэ зэгурыІуащ дыщэ къыщІэхыпІэхэр яубзыхуну. А компаниер ди республикэм щолэжьэхэ. Абы зэхилъэзэнущ щІым щІалъ хьэгъуэфІыгъуэхэм я картэ, игъэбелджылынущ псы къаБзэ къыздыщІаш хъуну щІыпІэхэри.

Санкт-Петербург щекІуэкІа зэІущІэр Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм зригъэужьыну, цІыхухэм я щІэкІэ-псэукІэр ефІэкІуэныкІэ щхьэпэну уегъэгугъэ.

● ЩІыуэпс

Хыр цІанлъэм щыхъумэн

Тыркум и Мрамор хым трищІа цІанлъэм («морская слизь», «морская слюна» жаІэ абы щхьэкІэ) псым хэти хэси зэтриукІэнкІэ шынагъуэщ. Хьэйм икІауэ багъуэ фитопланктоныр псыщхьэм къытрищІэ къудейкъым, атІэ лъэхъыщым ещхьу псым куууэ хэлъщ, нэхъыбэу къыщытрищІэхэри кхъухь тедзапІэхэм дежщ. ИджыкІэ нэхъыбэр зыхуэзэр Принцхэм я хытІыгукІэ зэджэ щыпІэраш. Ауэ цІанлъэр Босфор къыхьыауэ хы ФІыцІэм къыхуокІуэ, зэрыжаІэмкІи, Болгариием, Румынием, Кърымым я хы Іуфэхэм къэсынущ.

ТЫРКУ правительствэр арэзы техъуащ фитопланктоныр зэрагъэкІуэдыну щІыкІэм. Ар Іуэхугъуэ 22-рэ мэхъу, лэжьыгъэхэр илъэс зыбжанэм тещІыхьауэ. Ауэ цІанлъэр апхуэдизкІэ псынщІэу мэбагъуэри, икІэщІыпІэкІэ зыгуэр къыхуамыгупсыс зыкъунукъым.

ЩыуэпсымкІэ Іэщ Іагъэлъ Іэхэм жаІэ Мрамор хыр цІанлъэм къыщІамыхьфмэ, ари хы ФІыцІэри абы зэрытекІуэдэнур. Къэхъунри мыращ: Мрамор хым лъышэ (кислород) ирет хы ФІыцІэм (ар абы и мащІэщ). Араща, Мрамор хыр цІанлъэм иубыдыпэмэ, адэкІэ къэхъунур гурыІуэгъуэщ.

Тыркум и президент Эрдоган Реджеп Тайип жиІащ щІыуэпсыр хъумэныжьмкІэ министерствэмрэ мы Іуэхуэмкіэ Іэщ Іагъэлъ Іэхэр зыгъэхьэзыр университетхэмрэ хыр кърагъэльнымкІэ зэгъусэу зэрелэжьынур. Абы къыхигъэщащ Мрамор хым и Іыхьэ 91-м лэжьыгъэр зэрыщаублэр. КъыщынэмыщІауэ, хым хаутІыпщхьэ псыр щагъэхабзэ Іуэхущ Іапіэхэр, псым кІэрыхубжьэрыху быдэхэр щыхадзэнкІэ хъуну щІыпІэхэр щІапІыкІ.

ЩІэныгъэлІхэм хым цІанлъэ къыщІытрищІар щхьэусыгъуищым хуахь: цІыхухэм хыр зэрауфІеим, дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъум (Мрамор хыщхьэр градуси 2,5-кІэ нэхъ хуабэ хъуащ иужьрей илъэсхэм), мы хыр дэубыда хуэдэу зэрыщытым (псыдолъэдапІэ зэвэхэмкІэ ялыщІауэ аращ нэгъуащІ хыхэм). 1992, 2007, 2008 гъэхэми мыбы цІанлъэ къытрищІауэ щытащ, ауэ абыхэм щыгъуэ куэдкІэ нэхъ мащІэт.

ЯгъэкъэбзэнУ зэуэ яужь ихьэми, мы Іуэхум илъэси 5 - 6 ихьыну жаІэ щІэныгъэлІхэм. Абыхэм къызэралытэмкІэ, иужьрей илъэс 20 - 30-м тыркухэм щыхсыкъыбрабгъу мыщІэу хыр яуцІэпІащ, аращ фитопланктоныр зыгъэбзэгъуари.

РАН-м Тенджызхэр джыныжьмкІэ и институтым щІыуэпсымкІэ и къудамэм и унафэщІ Силкин Владимир жеІэ хы ФІыцІэм цІанлъэр къэмысауэ. Къэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу абы зи гугъу ищІыр азот зыхэлъ щІыгъэпшэрыр Тыркум куэду къызэрыщІагъэсэбэпырщ, уэлбанэ кІыхьым щІым къыхилъэсыкІыр хым зэрыщыт дыдэм хуэдэу зэрыхэльадэрщ. Абы зэрыжиІэмкІэ, илъэс 40 хуэдизкІэ уэзІэбэкІыжмэ, США-м я Гуэлышхуэр «Гъагъэу» щІидзати, абы хэлъадэ жьыщІэпсымрэ щІыгъэпшэрымрэ псым хэмычадэ щІыкІэ ягъэхьабзэу щІадзэри, гуэлри къэщІэрэщІэжащ.

КІэщІу жыпІэмэ, Тыркум къищынэмыщІауэ, хы ФІыцІэм, Средиземноморьем, Мрамор хы Іуфэхэр зей къэралхэм Іуэхушхуэ хъахукъуэкІащ, зэгъусэу фІэкІаи абы пэлъэщыну къыщІэкІынукъым.

● Хъыбар гуапэ

«Вагъуэ цІыкІур» аргуэру токІуэ

Сочэ къалэм щызэхущІыжащ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я «У самого синего моря» IX дунейпсо фестивальр. Зэхыхьэр екІуэкІащ «Алые паруса» щэнхабзэ фондыр и дэІепыкъуэгъуу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лІыкІуэ и фестивальым зыкъыщигъэлъэгъуащ лъэпкъ къафэхэмкІэ щапхъэу къалъыта, Шэджэм районым и «Вагъуэ цІыкІу» сабий ансамблым. Пандемием къыхэкІыу пІалъэ кІыхькІэ зэпагъэуа нэужь, япэу зэпеуэ хьыка гупымрэ абы и унафэщІымрэ я зэфІэкІкІр щІыхь тхьпІэхэмрэ кубокхэмкІэ унэтІныныгъэищым къыщалъытащ.

Ансамблым и художественнэ унафэщІ Къурашэ Эдик къыхуагъэфащащ егъэджэныгъэм щиІэ Іэзагъэмрэ ныбжьыщІэхэм яхилъхьэ щэнхабзэ лъагэмрэ папщІэ ЩІыхь тхьпІыр. Ансамблым и къэфакІуэ Абазэ Мурат диплом щхьэхуэ ираташ, артистагъ зэрыхэлъымрэ къафэр Іэзэу зэригъэзащІэмрэ папщІэ. Ягъэлъэгъуа зэфІэкІым папщІэ «Вагъуэ цІыкІу» ансамблым унэтІныныгъитІым и Гран-при-р хуагъэфащащ.

КъыкІэлъыкІуэ Іыхьэр «Кубок победителей» грант зэхьэзэхэу зэхуэщІарщ. Абы пашэ щыхъум саугъэту сом зи мелуан иратынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

ФІыуэ тлъагъу Джазэ Ислъам дохъуэхъу

Джазэ Ислъам Аскэр и къуэм мэкъуауэгъуэм и 10-м игъэлъэпІащ къыщалъхуа махуэр. АбыкІэ, УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм «Армэм и генерал Хрулёв А. В. и цІэр зезыхь и дзэ академие» федеральнэ къэралыгъэ кІэзоиэ Іуэхущ Іапіэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт дзэ еджапІэр диплом плъыжькІэ къызэриухамкІи дохъуэхъу Ислъам.

КЪЭКІУЭНУР зейр уэ пхуэдэ зи щІалэгъуэхэращи, узынщагъэ уиІэу, уи гъащІэ гъэзогур кІыхьу, уи насыпыр кууу, мурадыфІу уиІэр къохъулІэу Тхьэм уигъэпсэу. Уи пщІэр лъагэу, уи гуфІэгъуэр толъхьуну, уи зэфІэкІымкІэ Іыхьлъхьэмрэ благъэхэмрэ куэдрэ дыбгъэгуфІэу дунейм утетыну, унагъуэ дахэ бухуэну ди гуапэщ!

Уи адэшхуэ Джазэ Хъусен, уи анэшхуэ Марие, уи адэ Аскэр, уи анэ Залинэ, уи къуэш Ибрэхьим, уи шыпхъу Ирэ сымэ.

● Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр

Абхъазым и Дыщэнэ

Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр мы гъэм зратахэм ящыщщ оперэ уэрэджыІакІуэ Герзмавэ Хиблэ.

АР ПИЦУНДЭ къалэм къыщалъхуащ. А щІыналъэм и дахагъэм сыткІи хуэфащэн теплъэрэ макъэрэ зиІэ Хиблэ «дыщэнэщ» и цІэм къикІыр, ауэ дыщэр зыхуэхьыпхъэр и макъыр арагъэнщ, дунейм цІэрыІуэ щызыщІар араща.

Хиблэ Сыхъум и музыкэ училищэм фортепианэм щыхуеджащ. Ауэ зэрыщІыкІуэр уэрэд жызыІэ хъыджэбзым макъ зэриІэм гу лъызыта егъэджакІуэхэм я чэнджэщкІэ 1989 гъэм щІэтІысхьащ Москва и консерваторэ щІэрыІуэм. Иджы езым абы щрегъаджэ.

Чайковскэм и цІэр зезыхь зэпеуэм щытекІуа Хиблэ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, Театр Иным лэжьапІэ ящтэн хуейр, арщхьэкІэ Лон-дон, Рим, Мюнхен, Венэ, Цюрих, Париж, Милан, Нью-Йорк я театрхэм зэпеуэу ирагъэблагъэу, ехъулІэныгъэшхуэ иІэу абыхэм зыкъыщигъэлъагъуэу хъуа нэужьщ Театр Иным Мариинкэмрэ гу къыщылъатар...

2001 гъэм Хиблэ Абхъазым къыщІэзэригъэпэщащ фестивалым гъащІэ иІэу къыщІэкІауэ, иджы а зэхыхьэхэм я программэ дыдэмкІэ дуней псом зыкъыщагъэлъагъуэ, уеблэмэ Карнеги-холлым нэсащ.

ЗэфІэкІ зиІэ, гулъытэ зыхэлъ бзылъхугъэм и нэІэ ятригъэтщІ Пицундэ дзт музыкэ еджапІэмрэ Сыхъум щыІэ музыкэ училищэмрэ. Уи хэкужьрэ абы и щІэблэмрэ уадэІэпыкъуным нэхъыфІ сыт щыІэ!

Ди бзэм фыкъытехьэ

● Франджы

Евросоветым и унафэр иджыкІэ зыІэщІэлъыр Франджыращи, ар къигъэсбэпу инджылызыбзэр тригъэкІуэтыну и мурадщ.

ЭКОНОМИКЭМКІЭ Европей Союзыр (ЕЭС) къызэрызэрагъэпэщрэ блэкІа илъэс 30-м европей дипломатиер франджыбзэм тетащ, ауэ ЕС-м 2004 гъэм КъуэкІыпІэ Европэм щыщ къэралхэр, Мальтэр, Киприз щыкъыхьэм, инджылызбзэм хуэкІуащ, а къэралхэм нэхъыбэм щаджыр а бзэрати.

Мы зэманым франджыбзэм ещанэ уеблэпІэр щиІыгъщ Европэм, абы иропсалъэ ЕС-м хьыхь къэралхэм щыпсэухэм я процент 26-р, етІуанэр нэмыцэбзэращ - процент 32-р, ятІонэрдэм ІыІыгъ, ар ящІэ Европэм хьыхь къэралхэм щыпсэуфэ я зэхуэдитІым.

Франджыхэр арэзыкъым я бзэр зэрыдагъуамкІэ, Іуэхум къыхэпІытапхъэщ ЕС-м бзэ 24-рэ къызэрыщтар, абыхэмкІэ зэІущІэхэм къыщыпсэлъэну, дэфтэрхэр ятхыну хуит ищІу. Ауэ Британием и бзэр ятекІуащ. Иджы ар ЕС-м щыхэкІыжакІэ, я бзэри текІуэтын хуейщ - араща франджы политикэм зытращІыкъыр. АтІэ, дэфтэрхэм я процент 90-р инджылызбзэкІэ ягъэхьэзырРэ иужькІэ адрей бзэхэмкІэ зэрадзэкІыжу къьекІуэкІаи, франджыхэм къаГуэращ ЕС-м и зэІущІэхэр я бзэмкІэ ирагъэкІуэкІыну, дэфтэрхэри абыкІэ ягъэхьэзырыну. Уеблэмэ Франджым и МИД-м и лэжьакІуэм жиІащ инджылызбзэкІэ тхауэ къаІэрыхьэ дэфтэрым гулъытэ хуамыщІыну.

● Китай

ЩІэблэр хамэ ирамыгъаджэу

Гъэ еджэгъуэщІэм Китайм щадэжьнукъым сабий садэм къыщыщІэдзауэ курыт еджапІэм и 9-нэ классыр къаухыху нэгъуэщІ къралхэм я программэкІэ щрагъаджэу. КъищынэмыщІауэ, Китайм Іэмал имыІэу къыщаухьи хуей пэщІэдзэ еджапІэм (ебгъуанэ классыр хиубыдэу) ирагъэкІуэпІанукъым хамэ къэралхэм ящыщ организацэхэм я уней еджапІэ.

АПХУЭДЭУ щІащІэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр къэрал еджапІэхэм адэанэхэм ахъшэ къыІырамыхьи щхьэкІэщ, уней еджапІэхэм зрагъэщхьэ.

Китайм и унафэщІхэр иужьрей зэманым егъэгугъавэ бынитІ-щы зрагъэгъуэтыным зэщхьэгъусэхэр зэрытемыгъушхуэм, щІэныгъэфІ ирамытыфынкІэ зэрыхъунум егупсысу. Уеблэмэ репетиторхэр зэрылажьэ хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнущ, сыту жыпІэмэ, а Іуэхум адэ-анэхэм трагъэкІуадэр доллар меларди 120-м нэсащи.

Мы мазэм къриубыдэу къащтэнущ а хабзэр, икІи, зэражаІэмкІэ, абы щІигъэбыдэнущ еджапІэхэм репетиторхэр щылажьэу зэрамыдэнур, тхьэмахуэм и зыгъэпсэхугъуэ махуитІми сабийхэм загъэпсэхун зэрыхуейр. КІэщІу жыпІэмэ, щІэблэм сабиигъуэ зэраІапхъэм трагъащІэ, ахэр егъэлеяуэ зэрыщІэщІар я узынщагъэмкІэ зэрыгъэраныр къалъытэу.

Урысей Федерацэр къэрыщтэмэ, репетитор псоми зэхэту къалэжьыр сом меларди 100-м щыдэхащ, а егъэджакІуэхэм я нэхъыбэм хэІуцІыу защІыркъым, налоги ятыркъым.

Уней еджапІэхэм я Іуэхур зытетращи, ди къэралым къыщащта мардэхэм (ФГОС) темытхэр, ахэр зымыгъэзащІэхэр ягъэлажьэркъым. Урысейми куэд щІауэ щытопсэльыхь сабийхэм загъэпсэхуну зэман зэрамыІэм, ауэ дерс бжыгъэми унэ лэжьыгъэми къахэхуэу фІэкІа хэщІыркъым.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфыцэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаз Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъан, НэщІэныджэу Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэныжьмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтчэтхым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалъэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ящІ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхь Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инна** *(1, 2-нэ нат.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нат.), корректорхэм я дизайнкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номеры «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.927 ● Заказ №1205

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Ислъэмей»	5	5	0	0	15-4	15
2. «Кэнжэ»	5	3	2	0	11-6	11
3. «Родник»	4	3	1	0	23-3	10
4. «Тэрч»	4	3	1	0	12-4	10
5. «Урыху»	5	3	1	1	17-11	10
6. «Энергетик»	4	3	0	1	9-3	9
7. «Шэрджэс»	5	2	2	1	12-13	8
8. «Шэджэм-2»	5	2	2	1	9-10	8
9. «ЛогоВАЗ»	5	2	1	2	11-11	7
10. «ХьэтІохъущыкъуей»	5	2	0	3	13-14	6
11. «Псыгуэнсу»	5	1	1	3	10-16	4
12. «Эльбрус»	5	1	1	3	7-16	4
13. «Малка»	4	1	0	3	6-5	3
14. «Спартак-Д»	5	0	2	3	2-7	2
15. «Нарт»	5	0	0	5	11-24	0
16. «Шэрэдж»	5	0	0	5	4-25	0

● Футбол

«Ислъэмейм» и пашэныгъэр егъэбыдэ

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм и етхуанэ джэгуГуэми щытекІуэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и пашэныгъэр щигъэбыдащ «Ислъэмей» командэм. Абы и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм хэщІыныгъэ ягъуэтащ.

«ИСЛЪЭМЕЙМ» иригъэблэгъа Налшык и «Спартак-Д»-р хэгъэрейхэм зэрапэщІэтыфа щыІэкъым. Арати, зи чэзу текІуэныгъэр зыІэригъэхьэри, Бахьсэн щыналъэм и гуп нэхъыфІым республикэмы бжыгъэр быдэу щиубыдащ.

Ислъэмеидэсхэм я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэр Кэнжэ щызэІущІат. Абыхэм я зэныкъуэкъуныгъэр хуабжьу гуащІэ хъуащ, арщхьэкІэ хэт нэхъ пІащІ яхуэзэхэсІакъым. ЗэрызэрытемыгъэкІуам и зэранкІэ лъэныкъуэхэм очко тІурытІ яфІэкІуэдащ икІи пашэм нэхъри къыкІэрыхуу хъуащ.

Бжьыпэр зыІыгъэм лъэ быдэкІэ яхьихьащ «Родник»-р. Абы бжьыгъэшхуэ быдэкІэ, 9:1-уэ, «Нартыр» Псынэдахэ щыхигъэщІащ.

Зэхьэзэхуэм япэ текІуэныгъэхэр къыщахьащ «Псыгуэнсумрэ» «Малка»-мрэ. Апэм - топиплІ, етІуанэм то-питху я хьэрхуэрэгъуэхэм жуэпыншэу худагъэкІащ.

Псом хуэмыдэу дэрэжэгъуэшхуэ ягъуэтащ я гъунэгъу Старэ Шэрэдж къуажэм къикІахэм хэпщІыкІыу ефІэкІа псыгуэнсудэсхэм.

Гъуащхьаузхэм я зэпеуэм пашэныгъэр щызэдагъуэш Кумыщ Анзор («ХьэтІохъуащыкъуей»), Суйдым Аслъэн («Урыху»), Глашев Алим («ЛогоВАЗ») сымэ. Зэхьэзэхуэм зэрышІидзэрэ абыхэм топ хырых я хьэрхуэрэгъуэхэм худагъэкІащ.

Иджы щыГуаззэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГуэм кърикІуа бжьыгъэхэм: **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **9:1**, **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:0**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **2:0**, **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **2:3**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **«Урыху»** (Урыху) - **3:3**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **4:0**, **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **«Малка»** (Малкэ) - **0:5**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **2:2**.

ХЬЭТАУ Ислъам.